**2024-2025- oqıw jılı ekinshi hám onnan keyingi joqarı mağlıwmat alıw ushın húјјet tapsırğan abiturientlerden qániygelik páninen imtixan**

# DÁSTÚRI

Usı dástúr Ózbekstan Respublikası Joqarı oqıw orınların pitirip ekinshi hám onnan keyingi joqarı mağlıwmat alıw maqsetinde húјјet tapsırğan abiturientler ushın islep shığılğan. Dástúr ekinshi qániygelik alıw ushın húјјet tapsırğan abiturientlerdiń qánigelik páninen imtixannan ótkeriw kózde tutılğan.

Respublikamızda ekinshi hám onnan keyingi tálim alıw Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarına qabıl etiw boyınsha Mámleketlik komissiya tárepinen 2008-jıl 13-avgusttağı 15-sanlı bayanı menen tastıyıqlanğan Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarında ekinshi hám onnan keyingi tálim alıw tártibi haqqındağı Nızam, Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 21-noyabrdegi 930-sanlı qararı menen tastıyıqlanğan «Joqarı oqıw orınlarında sırtqı (arnawlı sırtqı) tálimdi shólkemlestiriw haqqında»ğı reje, Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarına oqıwğa qabıl etiw boyınsha mámleketlik komissiyasınıń 2022-jıl 25-avgustdağı 4-sanlı bayanı 2 qosımshası tiykarında tártipke salınadı.

Abiturientler ushın qániygelik páninen ótiw sınaqları (sáwbet) nıń biletleri (variantları) joqarı tálimniń mámleket tálimi standartı hám qániygelik tálimi jónelisi tájiriybe talapları, Ózbekstan Respublikası joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanğan pán dástúrleri talaplarınan kelip shıqqan halda dúzilgen.

Ekinshi hám onnan keyingi joqarı (orta arnawlı, kásip-óner) mağlıwmat alıw ushın kadrlar tayarlaw huqıqına iye oqıw orınları dizimi hám de joqarı oqıw orınlarında olardın bakalavriat hám magistraturasına qabıllaw kórsetkishleri real ekonomikalıq tarmaqları ushın tájiriybeli kadrlarğa bolğan talaplarğa hám de oqıw orınlarınıń ilimiy pedagogikalıq dárejesi hám materiallıq bazasın esapqa alğan halda Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarına qabıl etiw boyınsha 2008-jıl 13-avgusttağı 15-sanlı bayanı menen tastıyıqlanğan Ózbekstan Respublikası joqarı oqıw orınlarında ekinshi hám onnan keyingi tálimdi alıw tártibi haqqındağı reje mamleketlik komissiyası tárepinen belgilenedi.

Ekinshi hám onnan keyingi (orta arnawlı, kásip óner) mağlıwmat alıw ushın abiturientlerdi qabıllawdı oqıw orınları qabıllaw komissiyası ámelge asıradı. Ekinshi hám onnan keyingi joqarı tálim boyınsha qabıllaw kórsetkishleri oqıw orınları ushın ulıwma tálim jónelisleri (qánigelikler) boyınsha ornatılğan qabıllaw rejesinen (sáykes tárizde  bakalavriat hám magistratura boyınsha) artıq bolmawı kerek.

**Ekinshi hám onnan keyingi joqarı mağılwmat alıw ushın hújjet tapsırğan abiturientlerdiń tayarlıq dárejesine qoyılatuğın ulıwmalıq talaplar:**

- kórkem óner hám mádeniyat penen baylanıslı sistemalı bilimlerge iye bolıwı, sonday-aq bul tarawdağı mámleket siyasatınıń zárúr máselelerin biliwi, sociallıq mashqalalar hám proceslerdi erkin analiz qıla alıwı;

- Mámleketimizde hám jáhánde bolıp atırğan waqıya hám hádiyseler haqqında ulıwmalıq kóz qarasqa iye bolıw, tábiyat hám jámiyet rawajlanıwı haqqında bilimlerdi iyelewi hám de olardan zamanagóy ilimiy tiykarlarda jumıs iskerligi barısında paydalana biliwi;

- Insannıń basqa insanğa, jámiyetke hám qorshağan ortalıqqa kóz qarasların belgilewshi huqıqıy hám mánawiy usılların biliw, miynet iskerliginde qollana alıwı;

- mağlıwmat jıynaw, saqlaw, qayta islew ham olardan paydalanıw usılların iyelegen bolıwı, óz miynet jolında erkin, ámeldegi nızamlarğa tiykarlanğan halda qararlar qabıl qıla alıwı;

- tiyisli bakalavriat jónelisi boyınsha básekilik ulıwma kásiplik tayarlıqqa iye bolıwı;

- jańa bilimlerdi ğárezsiz iyeley biliwi, óz ústinde islewi hám miynet jolın ilimiy tiykarda shólkemlestire alıwı;

- salamat turmıs tárizi hám oğan ámel etiw zárúrligi tuwrısında ilimiy kóz-karas hám de isenimge, ózin fizikalıq shınıqtırğan oqıw kónlikpelerine iye bolıwı lazım.